Дарсил тема Фазу Г1алиева Маг1арулазул нус

Дарсил мурад 1 Фазу Г1алиевалъул Маг1арулазул нус-абураб асар щула гьаби

2 К1оч1ол идейно-художествияб анализ гьаби.

3Пасих1го ц1али камил гьаби,теориялъул баянал щула гьари.

Г1акълу бег1ери малъулеб асаралъул кьуч1алда тарбия кьей,жакъасеб г1умруялъулгунасаралъул бухьен ч1езаби.

Дарсил алатал Ф.Г1алиевалъул суратал,Дагъистаналъул литературияб карта,интерактивияб доска,Имам Шамилил ва гьесул хъизаналъул суратал,Ах1улгох1алъул х1акъалъулъ видеокасета.

Дарси тайпа г1адатияб гуреб дарс

Дарсил план.

1Дарсиде х1адурлъиялъул лах1зат.Салам кьей.

2Рокъобе кьураб х1алт1ул хал гьаби(ц1ияб технология- литературиял тестал)1Литература абурабраг1ул маг1на щиб кколеб?

А.хъвай-хъваг1ай.

Б.жуба-гъубай.

В. Кьоч1ое лъураб жо.

2Басня кинаб литературияб жанралде гъорлъе унеб?

А эпос.

Блирика.

В драма.

3Ашбазалде гьабураб коч1ол автор щив кколев?

А Расул х1амзатов.

Б Ц1адаса Х1амзат.

В Мух1амад Хуршилов.

4 Нек1сияб грек мац1алдаса бач1араб тема абураб раг1улмаг1на щиб?

А кьоч1ое лъураб жо.

Б тарих.

В лъугьа-бахъин.

5 Гьал коч1ол мухъалРасул Х1амзатовасул кинаб коч1олъа росун ругел?

Дир ц1ар бук1инароан,
Дир кеч1 бук1инароан,
Рик1к1ада сапаразда
Дида нух къосинаан.

А Маг1рулал.

Б Дагъистаналъул рохьал.

В Эбелалъ дир кинидахъ куч1дул ах1ич1ел ани.

6. Гьаб коч1олъ чан гьижа бугеб?

Ц о къоялъ хъизаналъ г1арза бахъана
Г1анхрица хуриб жо толеб гьеч1илан,
Г1ода-йорч1ун бадиб ц1адул лъим т1уна,
Лъаг1алил дибирлъи даром кканилан.

7. Халатав чиясда къокъаб рачел абураб бицанк1оялъе жаваб бате.

А. халатаб кьо.

Б. борхатаб кьуру.

В. Г1орда т1ад кьо.

8 Фазу Г1алиева щиб соналъ гьаюрай?

А. 1932.

Б. 1933.

В. 1923.

9. Фазу Г1алиева щиб росулъ гьаюрай?

А. Ц1ада.

Б. Гиничукь.

В. Хунзахъ.

10. Гьал асараздаса Фазу Г1алиевалъул кинаб кколеб?

А. Дибирги г1анхвараги.

Б. Васигат.

В.Маг1арулазул нус.

Иргадал кеч1 рек1ехъе бицине ц1алдохъаби рахъинарила.

3Ц1ияб тема бицин асаралда т1ад х1алт1и.

а)Цебераг1и.

1 Сиражудин Алдамовас ах1улеб Имам Шамил -абураб коч1охъ г1енеккила.

2 Шамилил х1акъалъулъ хъвадарухъабаз хъварал асаразул бицина.

3Бах1арчилъиялъул ва Ват1ан хиралъиялъул х1акъалъулъ кицаби рицизе ц1алдохъаби рахъинарила.

4Расул Х1амзатовас хъвараб Имам Шамил-абураб кеч1 бицизе 5-абилеб классалъул ц1алдохъан яхъинайила.

5 Ах1улгох1алъул х1акъалъулъ бахъараб касета бихьизабила.

6 Словарияб х1алт1и.

Эрменияй-армянай.

Чапар

Наиб-нек1о округалъул х1аким

Кьал-абураб раг1уе синоним бате?

7Баян кьовул ц1али г1уц1ила.

1Анна нахъе йиччаян гьелъул инсуца вит1ун вач1арав  чапарасда щиб Шамилица абураб?

2Шамилил суалалъе щиб жаваб Аннаца кьураб?

3Гьелъие Дагъистан бокьиялъе г1илла щиб бук1араб?

4Рагъдаса вуссараб мехалъШамилидещиб  ургъел бикьарабАннацп?

5  Шамилица эрменияй Аннада  Шуг1айнатилан ц1ар хисиялъе г1илла щиб бук1араб?

4Малъараб щула гьаби.

5Дарсил х1асил гьаби къиматал лъей.

6Рокъобе т1адкъай.